ILMIY TADQIQOTLAR VA JAMIYAT MUAMMOLARI
nomli ko'p tarmoqli masofaviy,onlayn respublika konferensiyasi

Sayt havolasi:https://e-conference.uz/index.php/itjm Oktabr,2026

НАБИЙРА ТӨРЕШОВА ЛИРИКАСЫНЫҢ ИДЕЯ-ТЕМАТИКАЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Асанова Дилназа,
ҚМУ 1-курс магистранты
DOI:https://doi.org/10.5281/zenodo.23393828

Аннотация. Бу мақолада қорақалпоқ халқининг севимли шоираларидан бири Н.Төрешова лирикасининг ғоявий-мавзувий хусусиятлари органилди ва мисоллар ёрдамида таҳлил қилинди. Бунга кора Н.Төрешованинг ше'рларида ватан, яхшилик ва йомонлик, ҳайотдаги турли ҳил синовлар ва қувончли дамлар мавзуси йоритилганлиги малум бөлди.

Абстрактный. В данной статье на примерах изучены и проанализированы идейно-тематические особенности лирики Н. Торешовой, одного из любимых поэтов каракалпакского народа. Согласно этому, стало известно, что в стихах Н. Торешовой затронуты темы Родины, добра и зла, различных испытаний и счастливых моментов жизни.

Abstract. In this article, the ideological and thematic features of the lyrics of N.Toreshova, one of the favorite poets of the Karakalpak people, were studied and analyzed with the help of examples. According to this, it became known that N. Toreshova's poems cover the topics of homeland, good and bad, various tests and happy moments in life.

Калит сузлар. Лирика, ғоявий-мавзувий хусусият, жанр, сюжет, композитсия, бадиий асар, поетик қаторлар.

Ключевые слова. Лирика, идейно-тематический признак, жанр, сюжет, композиция, художественное произведение, поэтические строки.

Key words. Lyric, ideological-thematic feature, genre, plot, composition, a work of art, poetic lines.

Кирисиў (Introduction). Көркем әдебиятта ҳәрқандай шығарманың сюжети ҳәм өзине тән идеясы болады. Қайсы жанрдағы шығарма болыўына қарамастан ең биринши нәўбетте оның сюжети ҳәм идеясы китап оқыўшысын өзине тартады. Жазыўшы, шайырлардың айтпақшы болған пикирлери, шығарманы жазыўдағы мақсети оның мазмуны арқалы ашып бериледи. Көркем шығармада жазыўшы жәмийетлик турмыстағы, адам тағдириндеги қандай да бир мәселелерди көтереди. Усы машқалаларды қозғаў арқалы өзиниң айтажақ ой пикирлерин, идеясын береди. Сондай-ақ, жазыўшы көркем шығарманы дөретиў барысында белгили бир көзқарасларды, принциплерди басшылыққа алады. Оларды өзи жаратқан образларға сиңдиреди.

Тийкарғы бөлим. (Main part) Көркем шығарманың идея-тематикасы ҳәм формалық өзгешелиги мәселеси дүня әдебияттаныў илиминде, атап айтқанда рус, өзбек ҳәм басқа да түркий халықлар адебияттаныўында актуал илимий-әдебий машқала дәрежесине көтерилип, изертленип киятыр. Л.И.Тимофеев, Н.А.Гуляев ҳәм басқа да илимпазлардың илимий-изертлеў жумысларында арнаўлы изертленилди. [2]

© Ushbu material Creative Commons Attribution 4.0 International (CC BY 4.0) litsenziyasi asosida tarqatiladi.

Ўзбек әдебияттаныўында көркем шығарма идея-тематикасы мәселеси бойынша теориялық пикирлер Ҳ.Умуровтың, Е.Қиличевтиң, Д.Қуронов мийнетлеринде ушырасады. [4]

Н.Г.Щернишевскийдиң идея ҳаққында пикиринде «көркем өнер өмирдиң бир тәрепин көркемлеп сүўретлейди. Бунда өмирдиң мазмунын, әҳмийетин түсиндирип бериў ҳәм сол арқалы сүўретлениўши обйект үстинен шығарған «қарары» — оның идеясы»-деп пикир билдиреди. Жазыўшы шығарма арқалы өз идеясын айтыўға ҳәрекет етеди. Бунда оның идеяны анық жеткерип бериўи шығармадағы елементлерге идеяның сиңиўине байланыслы болады. Әдебияттаныўшы илимпазлар идеяны көркем шығарманың мазмунына киргизеди. Идея көркем шығарманың мазмуны арқалы сәўлеленеди. Көркем шығарманың идеясын түсиниў ушын шығармадағы образларды, характерлерди, деталларды анализлеў керек. Шығарманың идеясы көркем идея болады. Онда жазыўшының улыўмалық, емоционал, образлы ой-пикири сәўлеленеди. Көркем шығарма идеясының тәсиршең болыўы оның шығарма сюжетине, ўақыяларға қаншелли дәрежеде сиңисип кетиўине байланыслы болады.

Шығарманың сюжети, композициясы оның мазмунының ашып берилиўиниң тийкарғы бөлеклери. Сондай-ақ, тема ҳәм идея да көркем шығарма мазмунының ажыралмас бөлеклери. Тема бул - жазыўшыны толғанысқа, ойланыўға алып келген мәселелер. Көркем шығармада бирнеше темалар болыўы мүмкин, себеби жазыўшы турмысты сүўретлеўде ҳәр қыйлы мәселелерди ортаға таслайды. Олар биргеликте көркем шығарманың тийкарғы темасын сәўлелендириўге хызмет қылады. Ҳәрбир шайыр жазыўшының өзиниң алға сүриўши идеалары, қандай да бир темада сөз етиўди мақул көриўши темалары болады. Көркем шығарманың темасы жазыўшы дүньяқарасы, сана-сезими ҳаққында мағлыўмат береди. Көркем шығарманың идеясы шығарманың мазмуны арқалы сәўлеленеди. Ол жазыўшының дүньяға, өмирге, жәмийетке берген баҳасы. Жазыўшы шығармада өзи көтерген мәселелер үстинен қарар шығарады. Мине, усы қарар көркем шығарманың идеясы болады.

Нәтийжелер ҳәм шешимлер (Results and Discussions). Қ.Жәримбетов "Әдебияттаныўдан сабақлықлар" мийнетинде «... көркем форма шығарманың проблемасын, темасын, идеялық мазмунын сәўлелендириў ушын, оларды оқыўшыға тартымлы етип жеткериў ушын хызмет етеди. Көркем шығармада форма ҳәм мазмун бирлиги сақланыўы шәрт»- деп көрсетеди.[3]

өмир аўыр кәрўан-жылжытыў мүшкил,
Мың дана ақылы керек ол ушын.
Боранлы жолларда муз қатар жисмиң,
Отлы өткеллерде қурыйды писиң.
өмир аўыр кәрўан — тәғдир изиңде,
Мың шатқаяқ урма, саған бағынбас.
Мың шайтан жабысар сенлик дизгинге,
Оннан қутқармаққа ғамхор табылмас. («өмир»)

Ҳәзирги күнде өзиниң түрли мазмундағы қосықлары менен китап оқыўшыларына таныс болған шайырлардың бири Н.Төрешова болып, оның лирикасында бир-биринен парықлы қосықлары бар. Оларда түрли идеялар басшылыққа алынып, шығарманың сюжетине сиңисип кеткен. Оның лирикасында көбинесе, өмир, жақсылық ҳәм жаманлық, турмыстың ҳәр қыйлы қуўанышлы ҳәм қайғылы күнлери сәўлелендирилген.

Дәўирлерге қоймаңыз айып,
Дәўир барар кем-кем улғайып,

© Ushbu material Creative Commons Attribution 4.0 International (CC BY 4.0) litsenziyasi asosida tarqatiladi.

Қәтелессе ол бизиң айып,
Ҳәр дәўирдиң жақсылығы бар.

(«Дәўирлерге қоймаңыз айып»)

Шайыраның көпшилик шығармалары медитативлик лирика болып, өмирдеги түрли ҳәдийселерди аз сөз бенен сәўлелендирип бере алған. Жоқарыдағы қосық қатарлары өмир ҳәм инсанлардың жасаў шәраяты, адамгершилик, жақсылық идеялары менен суўғарылған.

Батырларым сансыз-санақсыз,
Даналарым шексиз, адақсыз.
Бир адам жоқ бизде талантсыз,
Қәлби дәря жаңа урпақпан,
өнерли ел қарақалпақпан.
(«Қарақалпақпан»)

Бул қатарларда ўатанға муҳаббат, садықлық, ели менен мақтаныш етиў сыяқлы идеялар алға сүрилген. Ҳәрбир шайырдың репертуарында әлбетте, ўатанға муҳаббат идеясын сәўлелендириўши қосықлар болады. Бундай қосықлардың қатарында әлбетте, Н.Төрешованың ўатан, туўылған жерге байланыслы жазылған, жүреклерге жетип барыўшы қосықларын айтпастан илаж жоқ.

Жуўмақ (Conclusion). Жуўмақлап айтқанда, Н.Төрешова өзиниң түрли мазмундағы шығармалары менен қарақалпақ әдебиятында өз орнына ийе. Оның туўылған жер, ата-ана, жақсылық ҳәм жаманлық, адамгершилик идеялары менен суўғарылған шығармалары бир-биринен әжайып поетикалық қатарларға қурылғанлығы менен ажыралып турады. Ҳәзирги әдебияттаныў илиминде шығармалардың идея-тематикалық ҳәм жанрлық өзгешеликлерин анықлаў әҳмийетли мәселелерден болып қалмақта. Усы орында шайыр Н.Төрешова шығармаларының идея-тематикалық өзгешеликлери менен қоса жанрлық өзгешеликлерин үйрениў мәселесин де көрип шығыў зәрүрлиги туўылады.

Пайдаланылған әдебиятлар:

1. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент,«Ўқитувчи»,2002.
2. Гуляев Н.А. Теории литературы. Москва, «Высшая школа», 1985.
3. Járimbetov Q. Ádebiyattanıwdan sabaqlar. Nókis, "Qaraqalpaqstan", 2012.
4. Quronov D. Adabiyotshunoslikka kirish. Toshkent, «A.Qodiriy nomidagi xalıq merosi nashiryoti», 2004.

© Ushbu material Creative Commons Attribution 4.0 International (CC BY 4.0) litsenziyasi asosida tarqatiladi.